

Dat Avi a: \_\_\_\_\_  
Non Kliyan an: \_\_\_\_\_  
Nimewo Dosye a: \_\_\_\_\_  
Dat Sipleman Èd Pou Lwaye a ap ekspire: \_\_\_\_\_  
Peryòd pou Renouvle Èd Pou Lwaye a: \_\_\_\_\_

## DEMANN POU RENOUVÈLMAN CityFHEPS (Haitian Creole)

**DAT LIMIT:**

### ENSTRIKSYON:

Pou w kontinye jwenn yon sipleman èd pou lwaye ou dwe:

- Ranpli epi soumèt yon fòm renouvèlman ak dokiman sipò. Li pi fasil epi l epi l pi rapid l lè w soumèt dokiman w yo anliy!

### Soumèt Fòm Renouvèlman Ou an Anliy



- Ale sou [www.nyc.gov/accesshra](http://www.nyc.gov/accesshra) oswa itilize aplikasyon mobil AccessHRA a aplikasyon.
- Antre sou kont ou a (oubyen kreye youn)-
- Klike "Wi" pou "Èske ou vle kòmanse Rekonfimasyon ou a anliy kounye a?" sou paj dakèy la.
- Ranpli kote pou w mete enfòmasyon w yo epi soumèt fòm ou an.

**Èske ou pa Kapab Soumèt li Anliy? Ale nan paj 2 a pou w ka wè lòt fason pou soumèt.**

### Soumèt dokiman ki obligatwa yo



Telechaje dokiman ou yo sou aplikasyon mobil AHRA a pou w ka verifiye nenpòt chanjman nan sitiyasyon w ap viv tankou chanjman nan revni, resous, lwaye, sèvis piblik, kantite moun nan fanmi ou, depans pou gadri, ak nenpòt lòt chanjman.

Pou plis enfòmasyon: [www.nyc.gov/hradocs](http://www.nyc.gov/hradocs)

**(Vire Paj la)**

## Èske ou pa Kapab Soumèt li Anliy?

Si w pa ka itilize aplikasyon AHRA a pou w voye enfòmasyon adisyonèl yo pou nou oubyen dokiman nou te mande pou w ba nou yo, ou ka toujou voye yo ba nou atravè imèl, lapòs, oubyen fè livrezon kopi dokiman yo voye ba nou:



Imèl: [RAPrenewals@hra.nyc.gov](mailto:RAPrenewals@hra.nyc.gov)



Si w ap voye l pa  
Lapòs oubyen si  
w ap fè livrezon:

CityFHEPS  
NYC Human Resources Administration  
109 East 16th Street, 10<sup>th</sup> Floor  
New York, New York 10003

- Tanpri reponn tout kesyon yo.
- **Tanpri li ak anpil atansyon epi asire tout enfòmasyon yo kòrèk.**
- Si w prefere ranpli epi soumèt yon papye renouvèlman, Tanpri **ranpli fòm renouvèlman sa a epi siyen li**. Epi, voye **fòm sa a** pa lapòs oubyen pa livrezon ansanm avèk **dokiman sipò yo** nan anvlòp ou jwenn lan, oubyen eskane tout dokiman yo anvan dat limit ki nan **paj 1** an.
- Si ou make "non" nan nenpòt nan kaz ki anba la yo, tanpri ajoute koreksyon ou yo sou fòm sa a.
- Al nan **paj 6** la pou w ka jwenn detay ki gen rapò ak dokiman sipò yo.

**NOU KITE ESPAS SA A VID POU YON REZON!**

**VIRE PAJ LA POU W KONTINYE AK PAPYE RENOUVÈLMAN AN**

**1. Enfòmasyon sou Kay ak Kontak:** Sa a se enfòmasyon nou gen nan dosye nou pou ou.

Adrès:
Nimewo Telefòn:
Nimewo Telefòn pou Kontakte nan ka Ijans:
Èske enfòmasyon ki anlè yo kòrèk? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si se "Non," tanpri ba nou nouvo enfòmasyon ou yo anba la a.
<b>Nouvo Adrès:</b>
<b>Nouvo Nimewo Telefòn:</b>
<b>Nouvo Nimewo Telefòn pou Kontak pou Ijans:</b>

**2. Enfòmasyon sou Fwaye w:**

Enfòmasyon ki site anba la yo se dènye enfòmasyon nou genyen konsènan moun ki nan fwaye ou:

Non	Dat Nesans	Estatèd Lajan Kach pou Kounye a

Èske enfòmasyon ki anwo yo la kòrèk?  Wi  Non

Si se "Non," tanpri ranpli tablo ki anba la epi voye prèv enfòmasyon yo pou nou. Al nan **paj 6** la pou w jwenn plis enfòmasyon.

Manm fanmi an	Dat Nesans	Nimewo Sekirite Sosyal	Ajoute	Retire
			<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
			<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

(Vire Paj la)

**3. Travay:** Enfòmasyon ki site anba la se dènye enfòmasyon nou genyen sou moun ki nan fwaye w la epi k ap travay:

Non	Orè	Revni Chak Mwa

Èske enfòmasyon ki anwo yo kòrèk?  Wi  Non

Si se "Non," tanpri ranpli tablo ki anba la a epi voye prèw enfòmasyon yo pou nou. Al nan **paj 6** la pou w jwenn plis enfòmasyon.

Estat*	Manm fanmi an	Patwon	Orè	Nouvo Kantite Lajan pou Chak Mwa

\*Pou **Estat**, di nou si nou dwe **ajoute**, chanje, oubyen **retire** travay moun lan.

Si ou p ap travay, tanpri di nou poukisa nan espas ki anba a:

--

**4. Lòt Revni:**

Nou gen enfòmasyon sou revni moun ki nan fwaye w yo pa touche:

Non	Kalite Revni	Montan Pa Mwa

Èske enfòmasyon ki anwo yo kòrèk?  Wi  Non

Si se "Non," tanpri ranpli tablo ki anba la a epi voye prèw enfòmasyon yo pou nou. Al nan **paj 6** la pou w jwenn plis enfòmasyon.

Ajoute	Chanjman	Retire	Manm fanmi an	Kalite Revni	Nouvo Kantite Lajan pou Chak Mwa
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>			
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>			

(Vire Paj la)

**5. Enfòmasyon sou Lwaye:**

Nou gen enfòmasyon sa yo sou lwaye ou peye chak mwa: \$ \_\_\_\_\_

Èske sa a pral pri lwaye ou aprè \_\_\_\_\_?  Wi  Non  mwen pa konnen

Si se "Non," konbyen lajan lwaye ou pral ye pa mwa? \$ \_\_\_\_\_

(Tanpri, ba nou yon kontra lwaye oubyen yon akò lwaye ki ajou avèk nouvo enfòmasyon.)

(Tanpri, ba nou yon kontra lwaye oubyen yon akò lwaye ki ajou avèk nouvo enfòmasyon.)

Si w te vin abite nan apatman w lan anvan Janvye 2022, tanpri ba nou yon fòm ki ranpli ak enfòmasyon sou bil pwopriyete kay la peye.)

Al nan paj 6 la pou w jwenn plis enfòmasyon.

**6. Aryere nan Peman Lwaye:** Èske w depase dat ou te dwe peye lwaye w la?  Wi  Non

Si se "Wi," tanpri voye enfòmasyon adisyonèl ba nou. Al nan paj 6 la pou w jwenn plis enfòmasyon.

**Siyati**

Mwen konfime, enfòmasyon mwen bay Administrasyon Resous Imèn Vil New York la (NYC Human Resources Administration), tankou tout dokiman sipò yo, se enfòmasyon ki egzat epi ki konplè dapre tout sa mwen konnen.

**Siyati moun ki Alatèt Fwaye a:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap? Èske pwoblèm sa a rann li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou w fè sa avi sa a mande w fè yo? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede w.** Rele nou nan **718-557-1399**. Ou kapab mande èd tou lè ou al nan yon biwo HRA a. Ou gen yon dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.**

**(Vire Paj la)**

## ENSTRIKSYON sou kalite Dokiman pou Soumèt yo

<b>B. Dokiman/Swivi: Pa voye dokiman orijinal yo! Voye kopi yo sèlman.</b>
<b>#1: Enfòmasyon sou Kay ak Kontak:</b> Okenn dokiman pa obligatwa.
<b>#2: Enfòmasyon sou Fwaye w:</b> Si enfòmasyon sou fwaye w la kòrèk, ou pa bezwen soumèt okenn dokiman siplemantè.  Si ou bezwen ajoute manm, tanpri soumèt nenpòt nan dokiman ki anba la yo: (Sonje ou dwe rapòte revni lòt moun nan kay la, epi sa ka rive lòt moun nan kay la ou vin ajoute yo ka oubyen pa lakòz chanjman nan sibvansyon ou a.) <ul style="list-style-type: none"><li>• Foto Idantite, lisans Chofè, Paspò ameriken, Sètifika natiralizasyon, Dosye Lopital/Doktè, Papyè adopsyon, Batistè/sètifika batèm</li></ul>
<b>#3: Travay:</b> Si w ap resevwa Èd Lajan Kach epi enfòmasyon nou genyen nan paj 4 la kòrèk, ou pa oblije soumèt okenn dokiman anplis.  Si w pa resevwa Èd Lajan Kach epi w ap travay, ou <b>dwe</b> soumèt nenpòt nan sa ki anba la a: <ul style="list-style-type: none"><li>• De (2) dènye souch chèk peman</li><li>• Yon lèt travay ki di kantite èdtan ak salè ou</li><li>• Yon lèt revokasyon</li></ul>
<b>#4: Lòt Revni:</b> Soumèt nenpòt nan sa ki anba la a <b>sèlman</b> si revni nou genyen nan paj 4 la pa <ul style="list-style-type: none"><li>• Kopi dènye sètifika/lèt rekonpans,</li><li>• Kopi dènye chèk avantaj,</li><li>• Korespondans ofisyèl ki soti nan Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor), SSA, Administrasyon Veteran (Veterans Administration), oswa ajans ki administre sibvansyon/rekonpans, oubyen</li><li>• Kopi lèt revokasyon</li></ul>
<b>#5: Enfòmasyon sou Lwaye:</b> Si enfòmasyon nou genyen nan paj 5 la pa kòrèk oubyen si lwaye manswèl ou an pral chanje, tanpri voye yon kopi kontra lwaye ou an oswa lòt akò lwaye mèt kay la ba w. Si w te vin abite nan apatman w lan <u>anvan</u> Janvyè 2022, tanpri ba nou yon fòm ki ranpli ak enfòmasyon sou bil pwopriyetè kay la peye.)
<b>#6: Aryere nan Peman Lwaye:</b> Nou pral fè swivi si ou te endike nan fòm sa a, ou gen aryere nan peman lwaye. Tanpri sonje si ou pa fè nou konnen touswit aryere lwaye ou yo, nou gen dwa pa renouvle pou ou sipleman èd pou lwaye nan Pwogram Sipleman Vil la pou Prevansyon Sitiyasyon Sanzabri ak Degèpisman (CityFHEPS).

Al nan **paj 1** an pou w ka jwenn enstriksyon sou kouman pou w soumèt dokiman anliy ak ACCESS HRA.

Al nan **paj 2** a pou w ka jwenn enstriksyon sou kouman pou w soumèt dokiman pa lapòs, an pèsòn, oubyen nan imèl.

**Pou jwenn èd rele Sant Apèl Èd pou Lwaye (Rental Assistance Call Center) a nan 718-557-1399.**